Bhaibheri re vana

Rikukupai

Rute:
Nyaya yerudo

Rakanyorwa na: Edward Hughes

Rakafanidzirwa na: Janie Forest; Alastair P.

Rakatorwa na: Lyn Doerksen

Rwakashandurwa na: Brian Goredema

Rakabudiswa neve: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana
usinganotengesi chete.

Dai wakwanisa kusangana nemadzitateguru
ako nevabereki vavo nevese vemumhuri
mako vakazvarwa iwewe usati wavepo, waigona
kushamisika nekuti vaive vanhu vakaita
seyi. MuBhaibheri, rimwe tateguru
raJesu aive Rute mudzimai
wekuMoabhu ainamata
zvimufananidzo.



Nyaya yaRute inotangira muIsrairi mushure menguva yaSamusoni inova nguva iyo vanhu vaMawari yavakamira kutenda nekuterera Mwari. Nzara huru yakapinda munyika. Unoziva here kuti nzara chii? Ndizvozvo! Nzara inguva yekuti hapana michero kana zvirimwa zvinokura zvekuti dzimwe nguva mhuka nevanhu vanofa nenzara.





Umwe murume wainzi Erimereki wakabva Bheterehemu nemukadzi wake nevana vake vakomana vaviri vachitsvaga zvokudya. Akayenda kuMoabhu, nyika yainamatwa mifanananidzo.

Zvinhu hazvina kufambira zvakanaka Erimereki nemhuri yake kuMoabhu. Akashayika achitivererwa nevana vake vakomana vaviri.



Mudzimai wake, Naume, akasara nemadzimai evana vake vakomana vaviri, Rute naOripa. Varoora vavo ava vaive vekuMoabhu.

Naume uyo akange ava shirikadzi akanzwa kuti Mwari vainge vashanyira vanhu vake achivapa chingwa. Akatora donzvo rekuti adzokere kumusha kwake. Ko vasikana vaviri ava vaizoita seyi manje? Naume akavaudza kuti vasare vachigara muMoabhu kusvikira varoorwa zvakare.

Oripa akadzokera kumhuri yake kwaakazvarirwa asi Rute akaramba kudzokera. Panekuti adzokere Rute wakadetemba nhetembo yake yakaisvonaka yaaivimbisa kuti haimbofa akasiya vamwene vake vega.

Shamwari dzaNaume dzekare dzakafara kuti ainge adzoka kumba kuBheterehemu. Asi iye akavakumbira kuti vamudeedze vachiti Mara (zvinoreva izvo kuti kuvava) panekuti vamuti Naume zvinoreva (izvo kuti kutapira). "Nokuti waMasimbaose wakandiitira zvinovava kwazvo." Naume akange akadzoka asina chimwe chinhu kunze kwaRuth.





Nyangwe hazvo Rute akanamata mifananidzo sevamwe vese vekuMoabhu, akatendeuka kubva muneizvozvo ndokutanga kunamata Mwari mupenyu weIsrairi. Rute waishanda zvine simba kuitira kuti Naume ange ane zvekudya zvakakwana. Mazuva ese aitevera vacheki muminda mavo achinhonga gohwo ravanenge vasiya.







Bhoazi muridzi wemunda akanzwa kuti Rute aibata vamwene vake zvakanaka. Paakasangana naye, Bhoazi akamubatsira mushure mekunge audza vacheki vake kuti pavaikohwa vasakohwe zvese vasiye rimwe gohwo kumashure. Bhoazi akatanga kufarira Rute.

Rute paakataurira Naume nezvaBhoazi kuburikidza nemwoyo wake wakanaka, mudzimai uyu wechikuru akarumbidza Mwari "Murume uyu ihama yedu, imwe yehama dzedu dzepedyo."



Nekufamba kwenguva Bhoazi ayida kuroora Rute nekuchengeta Naume pamwechete nekuchengetedza ivhu remhuri yavo. Asi imwe hama yepedyo ndiyo yaive nemukanha uyu. Murume uyu aida ivhu asi aisada kuti Rute ave mudzimai wake. Mutemo waiti haakwanisa kuwana chimwe achisiya chimwe.

Mazuva iwayo vanhu vaisakwazisana mawoko kuti vaite sungano. Bhoazi akabvisa hwashu yake akapa murume uyu aifanirwa kuwana Rute. Sungano yakabva yaitwa Rute yekuti aizoita mudzimai waBhoazi.

Kubva musi uyu Rute naNaume vakabva vava vemhuri yaBhoazi.

Bhoazi naRute vakatumidza mwana wavo wekutanga mukomana kuti Obedhi. Akabva ava sekuru kuna Dhavidha, Mambo weIsrairi.

Asi chakabva chanyanyonakisisa mwana uyu Obhedhi aive tateguru kuna mambo Jesu Kristu. Jesu wakazvarwa kuburikidza nedzinza raDhavhidha kuti ave Mambo wemadziMambo nemuponesi wepasi rese.



Rute: Nyaya yerudo

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Rute

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130


Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16